


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан





Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 43 (7183) 23 октябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


Редакторалъул колонка

## Нилъ умумазул наслабилъун ругищ?

«Аралда туманкI речIчIани, бачIунелъ нилъеда гIарада речIчIула»,-ян абуна халкъалдехун Дагъисталъул машгьурав шагIир Р. ХIамзатовас. Гьел рагIабазул ритIухълъи нилъеда бихьулеб буго нилъго нилъедаго къосинаризе западалъулги Европаялъулги гIумро-яшав, рукIа-рахъин нилъеда берцин бихьизеги гьабун, гьоркьан хIалтIун Россия биххизабулезул ишаздаса хадуб, нилъерго диналъул кумекалдалъун нилъер гIолохъанаб гIел къосинабун гIадада хвезабун хадуб. Аби бугелъулха тарихалъулъе унеб битIараб-тIекъалъе къимат санал ун хадуб гурони кьезе кIоларилан.

Гьеб лъикIго бичIчIун буго Россиялъул ва Дагъистаналъул нухмалъиялда. КъватIире рахъун руго умумазул гIумро-магIишат, тарих кодохъ босулел хIукмаби ва щибаб миллаталъул гIумруялъул къучI лъазабун, нилъерабгоябщинаб цIи гьабизе халкъ ахIулеб буго. Гьеб бихьулеб буго Дербенталъул, Гъизляралъул ва цогидалги тарихиял бакIазул юбилеялъулал тадбирал тIоритIиялъги. Гьедин гьабичIони дунялалъулго информационнияб цебетIей гьадин гIатIилъараб заманалда нилъерго къучI билани, къалбал ракъварал гьутIби гIадин жагъаллъила миллатал.

Киса-кибего унеб буго нилъерго умумазул букIараб хаслъи лъазаби гуребги гьеб рукIалиде




ккезабиги. Унсоколо район абуни буго Дагъистаналъулго тарихалъул ракI. Динияб рахъ гьелъул байбихьун буго гьанисан. Дагъистаналъул тIоцевесев ва кIиабилев имамал ккола нилъер районалдаса. ГъазимухIамад ва Шамиль имамаз Севернияб Кавказалдаго битIараб динияб асар букIинабиялъе къучI лъуна. Дагъистаналъулаздаса гIурус пачаясул асар тIаса рехиялъе тIоцевесев къеркьохъанлъун цеве вахъана МахIач Дахадаев, Дагъистаналъул поэзиялъе къучI лъуна ХъахIабросулъаса МахIмудица, драматургиялъе къучI лъуна Багъадур Малачихановас. Гьезул ва цогидабги тарихалъ жакъа чIагояб музейлъун рикIкIине бегьула район. Гьедин бугелъулги батила гьеб ч1унтизабиялъе ахирияб заманалда экстремистаз хIисабалде босарабги. Жакъа бихьулеб буго, нилъедаса гIемерго рикIкIада хIадурарал диниял экстремистаз районалъе къураб зарал, къосинарурал гIолилал, ккарал камиял. Гьел лъугьа-бахъиналъул заманалда Унсоколо росдал хабзалазул рагIалда эхетараб М. Дахадаевасул памятникалдаги речIчIана ярагъалъ, гьелдаса хIал хьечIого ганчIаз бухун хвезабуна куц-мохъ, заманго иналде тIагIана памятник гьениса. Кибдай гьанже гьеб бугеб?

Район Унсоколоса Шамильхъалаялде бахъаниги къачIан гьениб яги жиндирго ватIан Унсоколо букIине мустахIикъаб букIинчIищ Дагъистаналъул тахшагьаралда цIар лъурав, даргиязул Дахадаев районалъ жидерголъун рикIкIарав МахIач Дахадаевасул памятник.

ГIицIго гьеб гуребги нилъерго церехъаби кодохъ росизе хIалтIи кутаклъизабизе лъикIаб букIинаан районалда, гьезул цIарал бакIазе кьун машгъур гьарун гIолеб гIел куцаялъе мисал щула гьабизе бегьилаан. Дир пикруялда районалъул Россиялъул культураялъулгун гIадатазул Централда цебе бегьилаан хасаб комиссия гIуцIизе тарихиял памятникал цIуниялъе, тIад кIвар кьеялъе, нилъерго предводителал машгъур гьариялъе.

Районалъул цебе букIараб къадру доб роценалде бахинабизе хIалтIизе гIадамал рахъинаруни нилъ рукIинаан умумазул мустахIикъал наслабилъун.

## МустахIикъаб шапакъат

(ХI. ГъазимухIамадовасе кьун буго «Дагъистан Республикаялъе гьарурал ишазе гIоло» орден)



ВатIаналда цебе гьабураб гIемерсоназул ракI бацIцIадаб хIалтIуе

гIоло нилъер ракьцояв, Унсоколо росулъа ГъазимухIамадов ХIамзат ГъазимухIамадовичасе Дагъистаналъул БетIерасул хIукмуялдалъун кьун буго цIикIкIараб кIваралъул пачалихъалъул шапакъат. ХIамзат мустахIикълъун вуго «За заслуги перед Республикой Дагестан»,-абураб орденалъе.

ХIамзат ГъазимухIамадов ккола Россиялъул мустахIикъав художник, гьунар тIокIав ансадерил махщалил устар, жамгIияв хIаракатчи, чанго тIехьалъул автор. Гьесул рикIкIен гIемерал шапакъатазде тIадеги щвараб орден ккола ХIамзатил хIалтIуе пачалихъалъ кьураб кIудияб къимат, гьесул махщелалъе ва пачалихъалда цебе гIемерал соназ гьабураб ракI бацIцIадаб хIалтIухъ баркала.

РакI-ракIалъ баркула ХIамзат ГъазимухIамадовичасда мустахIикъаб шапакъат ва гьарула чорхое сахлъи, гIумруялъулъ талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби!

**СДЮТЭялъул коллектив ва «Ахихъан» газеталъул редколлегия.**

## Унсоколо - «творческияб десант»



**I4 ноябралда Унсоколо рештIун букIана цIар рагIарал гIадамаздасан гIуцIараб республикаялъул творчествалъулаб десант. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана РФялъул Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб халкъияб библиотекаялъул директорасул зам. Сарат ЖабрагIиловалъ.**

«Творчествалъулал десентал» хIадурана приоритетниял проектазул цояб «Человеческий капитал» проект гIумруялде бахъинабизелъун республикаялъул культураялъул министерствалъ.

Исана гьел унел руго кIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон, Россиялъул литератураялъул сон ва Дербенталъ 2000 сон тIубаялдаги рухьинарун.

Районалда творчествалъулаб дандчIвай байбихьана Централияб библиотекаялде ва традиционнияб культураялъул Централде, экскурсиялги гьарун. Гьенир рихьизаруна батIи-батIиял стендал, музеялъул экспонатал, Россиялъул ва Дагъистаналъул авторазул цIиял тIахьал. Литературияб вечер бачана росабазда гьоркьосеб Централияб библитотекаялъул зав. ГI. ГIабдурахIмановалъ.


*(Ахир 2 гьумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 43 (7183)*
*23 октябрь 2015 сон*



*Октябрь моцI лъугIизегIан Дагъистаналда тIобитIизе буго 250 росдал магIишаталъул ярмарка: ДРялъул Минпромторгинвесталъул отделалъул нухмалъулев Наби Юсуповасул рагIабазда рекъон, ярмаркаялъ рес кьезе буго дагъистаниязе цIияб, лъикIаб нигIмат босизе ва бичизе, гьоцIо-нах бугезе даран гьабиялъеги. Кида гьеб ярмарка бугебали балагьизе бегьула гьаб адресалда:* ***http://investdaq.ru./fi.***



# РукIуна гIадамал кIочон толарел

## (Рихьуни школалъе кьуна гьайбатав педагог МухIамад Заргьалаевасул цIар)

***РукIуна гIадамал кIочон толарел,***
***РакIазулъ хутIулел, халкъалъе лъикIал.***
***Хун хадуб жегиги анцI-анцI наслабаз***
***Бицен-киценазулъ рехсей гьабулел.***

Гьединав, ракIалдаса гIадамазул унарев, гIамал-хасият кIочон толарев инсанлъун, рихьундерил жамагIаталъе лъугьана гIемерал саназ школалъул коллективалъе жинца нухмалъи гьабурав, историялъул учитель, ритIухъав ва хIалимав педагог Заргьалаев МухIамад ГIабдулхIамидович.

Дие гьев вукIана унго-унгояв Макаренко, щай абуни, лъималазе гIоло кьедал гIумруялъул бищунго гьайбатал санал. Дол рагIуе ихтиярал къарал Советияб заманалъгицин МухIамад ГIабдулхIамидовичас цIалдохъабазе рес кьолаан жиндирго пикру эркенго загьир гьабизе, чIахIиял кинниги гьел жиндихъего ахIулаан, гIарзалъе рачIани къабул гьарулаан.

ХIукуматалъул рахъалдасан цо чанго шапакъат щварав МухIамадил рекIелъ чIухIиго букIинчIо, гIицIго чIухIилъун ва рохеллъун гьесие рукIана лъикIал цIалдохъаби. Щиб кумек гьабеян мискин-пакъир вачIаниги гьес къваригIел тIубалаан, хасго ракI бухIулаан эмен яги эбел гьечIого хутIарал бесдал лъималазда. ГIемерал васазе ва ясазе бокьулаан МухIамад ГIабдулхIамидовичасул рецц-бакъ рагIизе: гьеб ритIухъаб ва гъваридаб букIунаан.

ЛъугIана 2013 соналда Заргьалаев МухIамадил гьайбатаб гIумро, амма гьесул цIар нахъе хутIана: МухIамадил цIар кьуна гIагараб школалъе.

Щибаб къоялъул радал гIужалда школалъул минаялда жанире лъугьунаго, нижеда МухIамад ГIабдулхIамидович вихьула ч1агояв гIадин, хулула бадиб магIу, гьесул мунагьал чуризарула. Узухъда, вукIана МухIамад школалъе цIар кьезе мустахIикъав.

Учителас квер бакъула жиндирго цIалдохъаби битIараб нухдасан ритIизе, гьедин ритIана гьез дунги дир гIел бащадалги 1975 соналда школаги лъугIизабун. 23 цIалдохъанасда гьоркьоса тIадегIанаб лъай щвана анкьго выпукникасе, гьоркьохъеб хасаб лъай босана 14 выпускникас. Гьеб гурищ бергьенлъи букIараб? Алжан щун батаги, дуе, гIагарав учитель, дир анищал, пикраби гIумруялде рахъинариялъе кумек гьабурав, г1ажаибав инсан.



***Мискинал, бечедал ратIа гьаричIев,***
***РатIликъал, пакъирал нахъегIан течIев,***
***РитIухълъи бокьарав, лъай къваригIарав,***
***Къадруялда школа цебе бачарав.***

ЛъикIал гIадамал кIодо гьарула кирго. Гьедин октябралъул бакъулаб къоялъ Рихьуни гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалдаги Заргьалаев МухIамад ГIабдулхIамидовичасул цIар кьеялда хурхун тIобитIана кIудияб байрам.

Гъираялда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIер Г1. НурмухIамадовас, РУНОялъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIмановас, райадминистрациялъул бетIерасул зам. М. Х1асановалъ, МухIамад ГIабдулхIамидовичасул гIага-божараз, гьесул ясал Заргьалаевал Нуцалайица ва ГIазимаца.

КIалъазе рахъана школалъул директор ГI. МухIамадов, А. МухIамадов, М. ГIабдурахIманов, Н. Заргьалаева ва цогидалги.

Киназго тIадчIей гьабулеб букIана гьесул берцинаб гIамал-хасияталда, ритIухълъиялда ва бажариялда.

Тадбир гIуцIадго бачана гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительница, школалъул психолог А. Жаватхановалъ.

***Бокьараб цIаралъе мустахIикъав мун,***
***Вугев анищ жакъа нижеда цадахъ.***
***Цудунго лъаялъе бетIер къуларав,***
***Къоял, дуй, дагьалги ратарал анищ.***

***Жегиги гьитIинго дарсал рицарав,***
***Сабуралда гIакълу, нижей бикьарав.***
***Рагьараб ракIалъул учителасе***
***Алжан щун батаги ахираталда.***

***Дуца къимат кьурал киналго васаз***
***Улка-ракьалда тIад нур базабуна.***
***Рецц-бакъ гьабун тарал гьайбатал ясал***
***ЗахIматалъул нух ккун церехун ана.***

***Кинабго бечелъи цIали букIана,***
***ЦIалдохъанасда дарс лъикI лъай букIана.***
***РетIел хинаб ретIи, гьев квачангутIи,***
***КваначIого чIоге – мурадлъун тана.***

***Духъе гIарзалъ ани къабул гьаруна,***
***Къадруяв директор вукIана нижер.***
***«Гьанибе кьейилан» кагъатги босун,***
***Кинабго тIубазе байбихьулаан.***

***Бокьун гьечIо дие сарин лъугIизе,***
***РикIкIадал дол санал цереги рачIун.***
***Цогиги рицарал дир жавабазухъ,***
***Дуца къимат лъелин хьулазда йиго.***

***ГIисиназул гьалмагъ, гьезул рекIелав,***
***ГIумру дур букIана тIегьгIан берцинаб.***
***ТIекълъи бокьуларев, ракIго гвангъарав,***
***Нухдасан ана мун, бищун захIматаб.***

***Гьаб бакъул къо гIадин къалъаги школа,***
***Дур цIаргIан гьайбатаб лъугьаги школа!***
***ГIадамал хирияв, намус кIудияв***
***Даим хутIила мун, халкъалъул рекIелъ.***

***ГI. ХЪАРАГИШИЕВА.***

# Унсоколо - «творческияб десант»



Дагъистаналъул поэтаз ва ансадерил школазул цIалдохъабаз гьенир цIалана кучIдул, гьел рикIкIунел рукIана пандуралъул гIодобе биччараб бакъаналда гьоркь. Арал лъикIал гIадатал тIад руссинариялъул, гьединго лъикIабщинаб кквезе гIолеб гIел рахъинариялъул тема борхана гьениб.

Ахиралда творческияб дандчIваялъул хIасилал гьаруна ХI. МухIамадовас. Гьес бицана цо-цо гьарурал хIалтIабазул, исана район гIуцIун 80 сон тIубай кIодо гьабизе букIиналъул, лъикIаб дандчIваялъухъ гьалбадерие кьуна баркала.

# Учителасул байрамалда

Киса-кибего гIадин Рихьуни гьоркьохъеб школалдаги кIодо гьабуна учителасул къо. Жидерго церерахъинал рихьизаруна 7 «а», 7 «б», 5 «а» ва 5 «б» классазул цIалдохъабаз.

Байрам берцинлъизе школалъул зал къачIан букIана батIи-батIиял кьеразул шараз, стендаз, цIалдохъаби ретIа-къан рачIун рукIана.

7 «а» классалъул цIалдохъабаз лъикIаб гIахьаллъи гьабуна тадбиралда, гьединго 7 «б» классалъул киналгоян абуниги ясаз, хасго З. Жаватхановалъ, Р. ТIалхIатовалъ, П. ГIабдулвагьабовалъ ва цогидазги мисал бихьизабуна. Бихьулеб букIана гьел классазул нухмалъулел З. ДибирмухIамадовалъ ва А. ХIайбулаевалъ лъималазда гьоркьоб гIемераб ва лъикIаб тарбия кьеялъул хIалтIи гьабулеб бу кIин.

Гьанжего-гьанже байбихьул классаздаса рачIарал 5 «а» ва 5 «б» классазул цIалдохъабазги бихьизабуна жидерго бажари. Классазул нухмалъулел Н. МухIамадовалъ ва П. Асадулаевалъ бакIарун бугоан гIемераб материал.

# Иргадулаб данделъи

Араб талат къоялъ райадминистрациялъул БетIерасул кабинеталъуб букIана учреждениял организациязул нухмалъулел ахIараб данделъи. Гьениб бицана налогал ракIариялъул, лъай кьеялъул, гIадлу-низам цIуниялъул, рацIцIалъи цIуниялъул рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул. ГI. НурмухIамадовас тIадехун рехсарал ишазда хурхун гьаризесел тадбирал рихьизаруна нухмалъулезда .

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 43 (7183)*

*23 октябрь 2015 сон*



*Федеральная антимонопольная служба (ФАС России) по поручению председателя Правительства РФ Дмитрия Медведева проводит анализ, сложившейся практики предоставления субсидий аграриям на предмет ее соответствия требованиям антимонопольного законодательства.*

*При наличии информации о нарушении установленного законодательством порядка предоставлении субсидий сельхозтоваропроизводителям, а также о неправомерных отказах в их предоставлении жители Дагестана могут обратиться в управление ФАС России по РД (Дагестанское УФАС) любым из нижеприведенных способов:*

*- почтой по адресу: 367000, г. Махачкала, пл. Ленина, 2, УФАС; - электронной форме в электронную почту – to05@tas.gov.ru.*

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 9 месяцев 2015 года

*(в рублях)*

| Наименование показателя Вед Р$_{з}$ ПР ЦСР ВР ЭКР | План | Поступило | Перечислено | Отклонение | % исп. | Остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|
| I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2015 года: | 611,472,340.65 | 430,085,765.03 | 428,041,384.25 | -181,386,575.62 | 70.3% | 2,044,380.78 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: 000 1 00 00000 00 0000 000 | 64,307,000 | 49,001,732.38 | 47,389,389.60 | -15,305,267.62 | 76.2% | 1,612,342.78 |
| - муниципального района | 56,979,000 | 42,346,145.44 | 40,850,526.00 | -14,632,854.56 | 74% | 1,495,619.44 |
| - поселений | 7,328,000 | 6,655,586.94 | 6,538,863.60 | -672,413.06 | 91% | 116,723.34 |
| - прочие неналоговые доходы в бюджет | 0.0 | 0.0 | 0.0 | 0 | //// | 0 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 547,165,340.65 | 381,084,032.65 | 380,651,994.65 | -166,081,308 | 70% | 432,038 |
| - дотации 000 2 02 01000 00 0000 151 | 87,138,000 | 61,584,000 | 61,584,000 | -25,554,000 | 71% | 0 |
| - субсидии 000 2 02 02000 00 0000 151 | 19,903,164.11 | 6,207,498.11 | 5,775,460.11 | -13,695,666 | 31% | 432,038 |
| - субвенции 000 2 02 03000 00 0000 151 | 432,044,838.54 | 305,263,946.54 | 305,263,946.54 | -126,780,892 | 71% | 0 |
| - иные межбюджетные трансферты 000 2 02 04000 00 0000 151 | 8,079,338 | 8,028,588 | 8,028,588 | -50,750 | 99% | 0 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2014 года) | 2,793,810.61 | 2,793,810.61 | 2,793,810.41 | 0.0 | 100% | 0.20 |
| а) переходящий остаток района | 1,578,232.98 | 1,578,232.98 | 1,578,232.98 | 0.00 | 100% | 0.0 |
| в) переходящий остаток поселений (дотация) | 1,215,577.63 | 1,215,577.63 | 1,215,577.43 | 0.00 | 100% | 0.2 |
| ВСЕГО ДОХОДЫ (I+II) | 614,266,151.26 | 432,879,575.64 | 430,835,194.66 | -181,386,575.62 | 70.5% | 2,044,381.0 |
| I. РАСХОДЫ 2015 года: | 611,472,340.65 | 428,041,384.25 | 421,696,714.91 | -183,430,956.40 | 70.0% | 6,344,669.34 |
| 1.Райадминистрация | 63,003,660.65 | 53,966,876.65 | 47,874,184.25 | -9,036,784 | 85.7% | 6,092,692.40 |
| 2.Управление финансов | 3,964,431 | 3,434,256 | 3,424,256 | -530,175 | 86.6% | 10,000 |
| 3. Контрольно-счетная палата | 533,000 | 531,000 | 531,000 | -2,000 | 100% | 0 |
| 4. Собрание депутатов муниципального района | 1,682,000 | 1,508,500 | 1,479,191 | -173,500 | 89.7% | 29,309 |
| 5. Отдел ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | 6,881,510 | 3,758,951 | 3,744,451 | -3,122,559 | 54.6% | 14,500 |
| 6. Отдел субсидий | 3,864,000 | 2,589,000 | 2,562,744 | -1,275,000 | 67% | 26,256 |
| 7. Управление образования | 3,979,072 | 3,223,622 | 3,223,622 | -755,450 | 81.0% | 0 |
| 8. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 12,248,857 | 8,114,938 | 8,114,938 | -4,133,919 | 66.3% | 0 |
| 9. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 13,728,462 | 9,458,895 | 9,444,395 | -4,269,567 | 68.9% | 14,500 |
| 10. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | 7,636,766 | 4,965,216 | 4,965,216 | -2,671,550 | 65% | 0 |
| 11. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 10,783,594 | 7,318,619 | 7,318,619 | -3,464,975 | 68% | 0 |
| 12. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 5,698,498 | 3,726,085 | 3,726,085 | -1,972,413 | 65% | 0 |
| 13. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 3,312,883 | 2,251,778 | 2,251,778 | -1,061,105 | 68% | 0 |
| 14. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 3,437,481 | 2,246,493 | 2,246,493 | -1,190,988 | 65% | 0 |
| 15. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 9,415,724 | 6,641,498 | 6,641,498 | -2,774,226 | 71% | 0 |
| 16. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | 17,143,695 | 11,647,498 | 11,647,498 | -5,496,197 | 68% | 0 |
| 17. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 3,743,897 | 2,710,064 | 2,710,064 | -1,033,833 | 72% | 0 |
| 18. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 5,417,932 | 3,630,632 | 3,630,632 | -1,787,300 | 67% | 0 |
| 19. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | 2,808,736 | 1,863,721 | 1,863,721 | -945,015 | 66% | 0 |
| 20. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 2,548,743 | 1,626,763 | 1,626,763 | -921,980 | 64% | 0 |
| 20. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 27,332,019 | 19,971,374 | 19,971,374 | -7,360,645 | 73% | 0 |
| 21. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 29,854,251 | 20,858,414 | 20,858,414 | -8,995,837 | 70% | 0 |
| 22. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 25,402,217 | 18,179,990 | 18,179,990 | -7,222,227 | 72% | 0 |
| 23. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 16,245,493 | 10,865,295 | 10,865,295 | -5,380,198 | 67% | 0 |
| 24. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 12,303,701 | 8,303,221 | 8,303,221 | -4,000,480 | 67% | 0 |
| 25. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 22,623,484 | 14,898,993 | 14,847,347 | -7,724,491 | 66% | 51,646 |
| 26. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 31,786,371 | 21,361,548 | 21,347,048 | -10,424,823 | 67% | 14,500 |
| 27. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 12,254,769 | 8,232,715 | 8,232,715 | -4,022,054 | 67% | 0 |
| 28. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 26,006,458 | 17,076,528 | 17,076,528 | -8,929,930 | 66% | 0 |
| 29. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 12,012,250 | 8,020,228 | 8,020,228 | -3,992,022 | 67% | 0 |
| 30. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 10,932,443 | 7,346,898 | 7,332,398 | -3,585,545 | 67% | 14,500 |
| 31. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 51,844,496 | 37,817,611 | 37,817,611 | -14,026,885 | 73% | 0 |
| 32. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 5,556,589 | 3,524,231 | 3,524,231 | -2,032,358 | 63% | 0 |
| 33. МКОУ «МООШ « с.Моксох | 5,855,407 | 3,987,646 | 3,987,646 | -1,867,761 | 68% | 0 |
| 34. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 7,085,757 | 5,407,223 | 5,407,223 | -1,678,534 | 76% | 0 |
| 35. Ц/бухгалтерия МО «Унцукульский район» в системе образования | 3,285,337 | 2,158,200 | 2,158,200 | -1,127,137 | 66% | 0 |
| 36. РЦДОД с. Унцукуль | 7,123,242 | 4,725,250 | 4,725,250 | -2,397,992 | 66% | 0 |
| 37. ДДТ с. Гимры | 2,791,722 | 1,855,250 | 1,854,798 | -936,472 | 66% | 452 |

*Продолжение таблицы на 4 странице*

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 9 месяцев 2015 года

| Наименование показателя | План | Поступило | Перечислено | Отклонение | % испол. | остаток на кон. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 38. ДДТ п.Шамилькала | 3 270 649 | 2 198 500 | 2 198 500 | -1 072 149 | 67% | 0 |
| 39. ДЮСШ с. Унцукуль | 3 880 307 | 2 561 250 | 2 546 750 | -1 319 057 | 66% | 14 500 |
| 40. ДЮСШ с. Гимры | 4 646 254 | 3 077 750 | 3 062 370 | -1 568 504 | 66% | 15 380 |
| 41. ДЮСШ с. Балахани | 5 133 004 | 3 496 750 | 3 496 750 | -1 636 254 | 68% | 0 |
| 42. ЦДТ п. Шамилькала | 6 497 121 | 4 351 250 | 4 351 250 | -2 145 871 | 67% | 0 |
| 43. Школа искусств | 4 361 526 | 2 910 000 | 2 895 500 | -1 451 526 | 67% | 14 500 |
| 44. СЮТ с. Унцукуль | 5 459 410 | 3 657 000 | 3 657 000 | -1 802 410 | 67% | 0 |
| 45. Управление культуры | 19 885 122 | 14 359 000 | 14 359 000 | -5 526 122 | 72% | 0 |
| 46. Поселения всего: | 66 210 000,00 | 41 624 863,60 | 41 592 929,85 | -24 585 136,40 | 62,9% | 31 934 |
| - МО «Село Ашильта» | 3 024 000 | 2 202 601 | 2 202 601 | -821 399 | 73% | 0 |
| - МО «Село Гимры» | 14 627 000 | 2 938 052 | 2 938 042 | -11 688 948 | 20,1% | 10 |
| - МО «Село Ирганай» | 3 927 000 | 3 098 341 | 3 098 340 | -828 659 | 78,9% | 1 |
| - МО «Село Харачи» | 1 721 000 | 1 180 883 | 1 176 873 | -540 117 | 68,6% | 4 010 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 762 000 | 2 021 001 | 2 009 001 | -740 999 | 73,2% | 12 000 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 3 524 000 | 3 079 776 | 3 079 774 | -444 224 | 87,4% | 2 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 4 288 000 | 2 982 922 | 2 982 920 | -1 305 078 | 69,6% | 2 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 657 000 | 1 863 402 | 1 863 236 | -793 598 | 70,1% | 166 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 504 000 | 1 493 655 | 1 493 612 | -1 010 345 | 59,7% | 43 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 4 562 000 | 3 537 242 | 3 527 242 | -1 024 758 | 77,5% | 10 000 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 12 631 000 | 10 128 261 | 10 123 261 | -2 502 739 | 80,2% | 5 000 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 9 983 000 | 7 098 728 | 7 098 028 | -2 884 272 | 71% | 700 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2014 года) | 2 793 810,61 | 2 793 810,41 | 2 793 809,61 | -0,2 | 100% | 1 |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 0,0 | 100% | 0 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 1 215 577,63 | 1 215 577,43 | 1 215 576,63 | -0,2 | 100% | 1 |
| ВСЕГО РАСХОДЫ (I+II) | 614 266 151,26 | 430 835 194,66 | 424 490 524,52 | -183 430 956,6 | 70,1% | 6 344 670,14 |

**К. АБДУЛХАЛИКОВ. Руководитель Управления финансов Унцукульского района**

*Редакциялде кагъат*

## ЦIалдохъаби-шагIирзабазул ВатIаналда

Сентябрь моцIалъул тIоцересел къояздаса байбихьун Унсоколо районалъул Балахьуни росдал школалда цIалдохъабазда гьоркьоб лъазабун букIана Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ кечI,хабар хъваялъул къец. Гьединго тIубараб моцIалъго школалда тIоритIана шагIирасул гIумруялда хурхарал, гьесул кучIдул махщалида цIалиялъул ва цогидалги тадбирал. Къецалда лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабигун цадахъ ЦIадаре сапаралъ ун рукIана школалъул директорасул заместитель ХIаскъил МухIамадов, педагог-организатор МухIамад МухIамадов ва авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Мадина МухIамадоваги. ЦIалдохъаби щвана Дагъистаналъул халкъияв шагIир ЦIадаса ХIамзат жанив гIумру гьабун вукIараб рукъ-музеялде. Гьенир берцинго цIунун ругоан ХIамзатил хъизаналъ рукIа-рахъиналда хIалтIизарулел рукIарал тIагIел-алатал, гьезул ретIел-хьит ва цогидабги. Рукъалъул кIиабилеб тIалаялда аслияб къагIидаялда ругоан ХIамзатил ва лъималазул батIи-батIияб заманалда рахъарал рикIкIен гIемерал суратал, документал. ЦIалдохъаби гъираялда гIенеккана музеялъул директоралъ ХIамзатилги Расулилги хIакъалъулъ бицунеб букIараб хабаралъухъ. Лъималазда бихьана Расулил «Къункъраби» кечIалда рекъон бараб кIудияб ва берцинаб обелискги. Хадур, I867 соналъ гIурус пачаясул аскарияз бараб ГIараниб-хъалаялда аскIосан цIалдохъаби ана Тобот лъарал борхатаб, берцинаб чваххиялъухъ (водопад) балагьизе ва рахъана ракIалде щвеялъе суратал. Лъимал Хунзахъ районалде гьабураб сапаралдаса разиго хутIана

*Район гIуцIун - 80 сон: тарихалдаса*

## «ГанчIил бахIарай»

Дагъистаналъул мугIрузда тIабигIаталъго рахъарал сураталги гьарурал памятникалги руго. Масала, Избербаш шагьаралда гIагарлъухъ бугеб «Пушкин-тау» кьуру. ХIакъикъаталдаги щаклъи гьечIеб А. С. Пушкинил сипат-сурат, магIарулаз абухъего, бахъун лъураб суратилан ккола гьениб.

Буго ансадерил ракьалдаги гьединаб сурат. Гьеб кинал рукIаниги машгьурал гIадамазда релъараб гьечIо. Релъараб буго тIабигIаталъул лазат босизе егарай чIужугIаданалда. Унсоколоре щвараб мехалъ нужго ралагье, цо борхатаб бакIалдеги рахун, къилбаялдехун, ГIарахъ мегIералда гъоркь бугеб ГIинтIире. Дахъи мегIер релъун бихьула чIужугIаданалъул берцинаб куц бугеб бетIералда, гъоркьияб рахъ, борхатаб керенгун, щват бугеб къаркъалаялда.

Аваразул поэтесса ГIайшат Малачиевалъ гьелъул хIакъалъулъ хъван буго гъваридаб философфияб пикрабазул асарлъун кколеб «Дунгун гаргадулей ганчIил бахIарай» абураб поэма. Гьале гьеб поэмаялъул мухъал:

Берцинай ясалъе сипат гIахьалаб-
ГIажаибаб гугьар мугIрул балалъул.
Биун халипалъуй тIураб гIадинаб
ГIолохъанлъи хъвараб гIаданалъул куц…
Лъухьун нахъе ххараб гьелъул катIари,
Кинабго щобалде щущан ун буго.
Щобил кереналда мугъ чIварай гьелъул
Гьумер зодил гордухъ рагьун лъун буго.

### ПОПРАВКА

В главе 4 п. 25 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального района «Унцукульский район», опубликованного на страницах районной газеты «Ахихъан» №№ 33-34 «Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет» читать «21 год»

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашман-лъиялдалъун зигара балеб буго социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралев ХIамзатов ГIалида ва тIолабго гIагарлъиялда эмен ***ГIусман*** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Ответственный**

**Гусейн ГУСЕЙНОВ**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 23 . 10. 15 г. 16, 10
фактически -17.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.